Ensèsyon pwofesyonèl moun andikape an Ayiti

Yon analiz sou kad legal ak enstitisyonèl nan linèt reyalite sosyo-ekonomik

Claudiny NARCISSE(1), Zineb RACHEDI(2)

(1) Doctorant en sociologie à l'Institut national supérieur de formation et de recherche pour l'éducation inclusive (INSEI), membre du Groupe de recherche sur le handicap et les pratiques éducatives et scolaires (GRAPHES), (2) Maîtresse de conférence en sociologie, membre du Groupe de recherche sur le handicap et les pratiques éducatives et scolaires (GRAPHES)

DOI : https ://doi.org/10.17184/eac.9146

Résumé : Ce chapitre se propose d'aborder l'insertion professionnelle des personnes handicapées en Haïti. D'abord, il expose le cadre légal et institutionnel de l'emploi des personnes handicapées avant d'interroger l'efficacité des actions engagées par les institutions publiques et les acteurs du handicap à travers une analyse de la situation socio-économique des personnes concernées. Ce travail revêt un double intérêt : d'une part, il met en évidence le cadre légal et institutionnel haïtien de l'insertion professionnelle des personnes handicapées et d'autre part il impulse une réflexion sur l'impact des actions engagées dans ce secteur sur les réalités socio-économiques des personnes handicapées en Haïti.

Mots-clés : Insertion professionnelle, cadre légal, La loi portant sur l'intégration des personnes handicapées (LIPH), bureau du secrétaire d'État pour l'intégration des personnes handicapées (BSEIPH)

Entwodiktyon

Konvansyon Nasyonzini sou dwa moun andikape yo ki te pibliye nan lane 2006, ki gen pou ti jwèt non fransè (CRDPH) defini moun andikape tankou « moun ki gen enkapasite fizik, mantal, entèlektyèl ak sansoryèl ke entèraksyon yo ak divès baryè ka konstitye obstak pou patispasyon reyèl yo nan sosyete a sou baz egalite ak tout lòt moun yo ». An plis, nan atik 27 la, konvansyon sa a rekonèt dwa moun andikape yo genyen pou travay « espesyalman posiblite pou yo viv de fri travay yo pandan y ap fè yon travay ke yo menm deside fè nan tout libète sou yon mache travay e nan yon anviwònman travay ki louvri ak tout kouch sosyal ». Nan sans sa a, yo konsidere ke travay ka pèmèt moun andikape yo « goute lajwa otonomi ak endepandans, jwenn plas

yo andedan sosyete a, patisipe nan yon efò kolektif, sa vle di pote kontribisyon pa yo san yo pa sèlman pwofite de sa sosyete a ap ofri yo (Blanc, 2021). Yo pa sèlman ensiste sou posiblite moun andikape yo genyen pou travay men tou sou jan yo dwe travay ak posiblite yo dwe genyen pou pwogrese nan travay yo. Nan sans sa a, travay parèt tankou « yon espas kote yo konsidere ke tout moun se moun » (Révillard, 2019, 23), sa vle di ke an plis ke li favorise « entegrasyon moun andikape yo nan sosyete a e pèmèt yo jwenn mwayen ekonomik pou viv » travay se avan tout bagay « yon espas kote moun ka pwogrese ak devlope sou plan pwofesyonèl » (Révillard, 2019, 24). Prensip sa yo enskri nan konvansyon Nasyon zini sou dwa moun andikape a ki entèdi tout kalite diskriminasyon ke moun andikape yo ka sibi nan domèn travay e li oblije tout peyi ki ratifye konvansyon sa a pou mete kanpe estrikti pou pwoteje dwa moun andikape yo nan garanti yo bon jan kondisyon travay, pèmèt yo egzèse dwa pwofesyonèl ak sendikal yo e ba yo aksè ak pwogram oryantasyon teknik ak pwofesyonèl e sèvis fòmasyon pwofesyonèl long dire. Dispozitif sa yo gen pou objektif patikilye pou fè pwomosyon pou posiblite moun andikape yo genyen pou travay, pwogrese nan travay yo, ede yo nan chèche, jwenn ak tounen nan travay (atik, 27). Yon lòt kote, dwa moun genyen pou travay nan bon jan kondisyon fè pati objektif devlopman long dire (ODD-2015-2030) ke Nazyonzini mete sou pye depi 27 septanm 2017 pou pèmèt yo kwape tout fòm povrete (Assemblée de l'ONU 2015).

An Ayiti, palman an ratififye CRDPH la nan lane 2009, sa ki fè ke andikap vin youn nan enkyetid Leta a, e montre volonte ke li genyen pou favorize enklizyon sosyal moun andikape yo (MAST. 2009). Nan mwa novanm 2009, biwo pou entegrasyon moun andikape yo an Ayiti ki gen ti jwèt non fransè (BSEIPH) ak Ministè afè sosyal ki li menm gen ti non fransè (MAST) fè sòti yon dokiman (politik nasyonal moun andikape yo an Ayiti : Gran oryantasyon)[1]. Nan dokiman sa a, entegrasyon moun andikape yo nan sistèm travay ak pwodiksyon se youn nan domèn priyoritè bò kote aksè swen sante ak edikasyon (MAST AK SEIPH, 2009). Yon lòt kote, palman ayisyen an te vote nan mwa mas 2012, lwa pou entegrasyon moun andikape yo an Ayiti ki gen pou ti jwèt non fransè (LIPH). Lwa sa a se yon enstriman legal kapital pou pwomosyon dwa moun andikape yo, li ensiste sou dwa yo genyen pou tavay, li konsidere patisipasyon moun andikape yo nan mond travay la tankou yon eleman enpòtan pou enklizyon sosyal yo. Chapit sa a ki sòti nan travay rechèch literati ke mw fè nan kad memwa mastè ak tèz doktora m, pwopoze fè ti pale sou egzistans ak estriktirasyon kad legal ak enstitisyonèl sou travay moun andikape yo an Ayiti. Avan tout bagay, li prezante kad legal ak enstitisyonèl sou travay moun andikape yo an Ayiti e poze kesyon sou efikasite aksyon ke enstitisyon Leta ak aktè andikap yo ap mennen nan sektè sa a atravè yon analiz sitiyasyon sosyo ekonomik moun ki konsène yo. Travay sa a sa gen 2 enpòtans : nan yon premye tan, li prezante kad legal ak enstitisyonèl sou travay moun andikape yo an Ayiti e nan yon dezyèm tan, li pouse nou reflechi sou ki enpak aksyon k ap antreprann nan domèn andikap la genyen sou reyalite sosyo-ekonomik moun andikape yo.

[1] Dokiman distribye an 5000 kopi

Published in : REICHHART, Fréderic ; LOMO MYAZHIOM, Aggée Célestin (dir.), *Handicap et société. Perspectives socio-anthropologiques en Haïti*, Editions des archives contemporaines, ISBN : 9782813004703, doi : 10.17184/eac.9782813004703

1 Ensèsyon pwofesyonèl moun andikape yo an Ayiti daprè kad legal ak reglemantè ki egziste a.

1.1 Kòd travay ayisyen an e enkapasite moun geyen pou travay

Kòd travay ayisyen 1961 an ke dekrè 24 fevriye 1984 la aktyalize a fè konnen ke tout travayè egal devan la lwa, kit se pou benefisye pwoteksyon ak garanti : « Tout travayè gen menm dwa e dwe gen menm pwoteksyon ak menm garanti. La lwa aboli tout diskriminasyon nan travay kit li gen pou wè ak dimansyon entèlektyèl, manyèl travay la ou kit li gen pou wè ak jan y ap peye travayè yo ak sou baz sèks yo » (atik. 3). Nan sans sa a, la lwa oblije patwon yo pran bon jan dispozisyon pou garanti sekirite ak pwoteksyon travayè yo nan espas travay la (atik. 439), fè prevansyon sou degradasyon sante yo, sou danje ki gen pou wè ak kontaminasyon, asire ke espas travay la respekte règ ijèn, e pote premye swen bay travayè ki gen ijans (atik. 477). Anplis, kòd travay sa a fè patwon yo obligasyon pou chanje pòs travay tout travayè ki ta sibi yon aksidan nan travay yo : « patwon yo gen pou obligasyon aksepte yon travayè ki viktim yon risk profesyonèl ou ki sibi yon aksidan nan travay li sou kondisyon ke travayè sa a pat benefisye yon reparasyon paske li pa ka travay ankò osinon peryòd enkapasite li a pa depase yon lane (atik. 452). Yon lwa ki baze sou rekomandasyon CRDPH yo pral transfòme pwogresivman obligasyon ke patwon yo genyen pou chanje pòs travay moun ki gen enkapasite pou travay yo an yon obligasyon travay pou tout moun andikape.

1.2 Lwa 12 mas 2012 : yon enstriman jiridik pou pwomosyon dwa moun andikape genyen pou travay an Ayiti

Lwa sou entegrasyon moun andikape an Ayiti a ki gen pou ti jwèt non fransè (LIPH) se rezilta « travay san pran souf moun nan sektè prive ak sosyete sivil la » (BSEIPH, 2012). Lwa sa a pa sèlman defini sa ki andikap la men li rekonèt ke moun andikape yo gen dwa pou benefisye solidarite nasyonal, pou yo pa sibi diskrimanasyon, pou yo jwenn aksè ak byen e ak sèvis (sante, edikasyon, travay lwazi, espò, enfòmasyon, jistis e latriye) pou n site sa yo sèlman. Nan atik 42, 43, 44, 45, 48 ak 80, LIPH la mete kanpe kad legal ak reglemantè travay moun andikape yo an Ayiti : li rekonèt dwa moun andikape yo genyen pou travay pandan li entèdi tout kalite diskriminasyon ke yo ka sibi nan pwosesis rekritman an ak nan travay la (atik. 42). Selon lwa sa a, yo dwe bay moun ki andikape yo fè travay ki konpatib ak kapasite fizik ak entèlektyèl yo e Leta gen obligasyon pou pran tout mezi ki nesesè pou asire sekirite travayè andikape yo (atik. 43). Nan objektif pou favorize moun andikape yo jwenn travay, LIPH la mete sou pye yon sistèm kota pou antrepriz ki gen plis pase 20 travayè. Sou baz yon barèm ke li etabli davans, lwa sa a detèmine ki kantite anplwaye yon antrepriz ta dwe genyen apati de kantite travayè sa a. Antrepriz ki genyen 1000 anplwaye yo, dwe gen 2% moun andikape pami moun k ap travay nan yo osinon pami founisè yo (atik. 44). Sa plis pase yon senp obligasyon pou chanje pòs travay travayè ki gen difikilte pou travay ou ki envalid se yon vrè volonte pou mete pwogresivman sou pye yon obligasyon travay pou tout moun andikape yo. LIPH la prevwa tou sanksyon finansye pou tout patwon ki refize anboche yon travayè paske li andikape (atik.80). Pou fasilite priz kontak travayè andikape yo ak patwon yo, lwa a fè obligasyon pou mete kanpe yon sèvis plasman, ki ap fonksyone sou lobedyans BSEIPH (atik. 45). Pou fini, LIPH

Published in : REICHHART, Fréderic ; LOMO MYAZHIOM, Aggée Célestin (dir.), *Handicap et société. Perspectives socio-anthropologiques en Haïti*, Editions des archives contemporaines, ISBN : 9782813004703, doi : 10.17184/eac.9782813004703

la oblije tout patwon pou fè amenajman fizik ak teknik ki nesesè nan espas travay yo pou ka asire sekirite travayè andikape yo e favorize pwogresyon ak randman yo (atik.48).

Pa rapò ak tout sa ki di sou plan jiridik, ensèsyon pwofesyonèl moun andikape yo an Ayiti se yon dwa lejitim ke LIPH la ba yo. Nou fin pale de kad legal e reglemantè ensèsyon pwofesyonèl moun andikape yo, kounye a an nou pral pale de kad enstitisyonèl la.

2 Kad enstitisyonèl ensèsyon pwofesyonèl moun andikape yo an Ayiti

An Ayiti, BSEIPH se prensipal biwo Leta ki an chaj ensèsyon pwofesyonèl moun andikape yo. Li atache ak MAST, se yon arète prezidansyèl ki sòti nan dat 17 mai 2007 ki te kreye li (MAST, 2009). Biwo sa a se manifestasyon angajman Leta ayisyen pran pou fè entegrasyon moun andikape yo, li gen pou misyon « mete sou pye yon politik piblik pou entegrasyon moun andikape an Ayiti nan tout domèn nan lavi nasyonal la » (MAST, 2009). Pou ranpli misyon sa a, BSEIPH gen yon estrikti santral nan nivo nasyonal ki desantralize nan nivo depatmantal. Yon bò, li gen yon biwo santral ki nan Pòtoprens kote nou jwenn anpil sèvis ak fonksyon administratif e teknik ki òganize pa rapò ak plizyè misyon : fòmasyon ak sansibilizasyon, etid ak pwogramasyon, distribisyon materyèl, ensèsyon sosyo-ekonomik e aksesiblite inivèsèl (Reichhart et Saint-Pierre, 2020). Yon lòt bò, li gen plizyè biwo nan plizyè depatman prensipalman nan Lwès, Nò, Sid, Latibonit, ak Sant ki la pou fè lyen ak biwo santral la nan kad aplikasyon politik nasyonal entegrasyon moun andikape yo (BSEIPH, 2014). Anplis, pou fasilite ensèsyon sosyo-ekonomik moun andikape yo, BSEIPH mete kanpe yon sèvis plasman ki kreye ak òganize swivan rekomandasyon LIPH yo (art. 45). Pou konplete BSEIPH, kad enstitisyonèl ensèsyon pwofesyonèl moun andikape yo an Ayiti gen ladan lòt enstitisyon prive, nou jwenn òganizasyon pou moun andikape yo ou òganizasyon moun andikape yo ki gen ti jwèt non fransè (OPH) ak òganizasyon non gouvènmantal yo ki gen ti non fransè (ONG). ONG yo, se prensipal òganizasyon ki finanse pwojè sou ensèsyon pwofesyonèl moun andikape yo an Ayiti (BSEIPH, 2017). Istwa ONG yo kòmanse nan epòk lè oganizasyon tankou Cooperative American Relief Everywhere (CARE), Catholic Relief Service (CRS), Service Chrétien d'Haïti (SCH) ak lòt òganizasyon ankò te rantre an Ayiti nan lane 1950 (*Adrien*, 2011). OPH yo menm, se fwi inisyativ ke moun ki gen bon kè nan soyete sivil la manifeste san enterè lajan anfavè moun andikape yo. Sa vle di ke se inisyativ kèk sitwayen ak kèk enstitisyon ki santi yo gen obligasyon moral pou ede moun sa yo ki pa kapab ede tèt yo e ki pa jwenn èd Leta (*Le Nouvelliste*, 2007). Gen kèk asosyasyon tou se moun andikape yo menm, fanmi yo osinon moun ki nan antouraj yo ki fonde yo. Asosyasyon sa yo travay nan plizyè domèn tankou : pwodiksyon rapò altènatif sou aplikasyon CRDPH la, reyalizasyon pledwaye ak kanpay sansibilizasyon, ofri sèvis reyadaptasyon, edikasyon espesyalize ak ensèsyon pwofesyonèl (Reichhart et Pierre 2020).

Nou fin poze kad legal ak enstitisyonèl sou ensèsyon pwofesyonèl moun andikape yo an Ayiti, kounye a kijan reyalite a ye sou tèren an ?

Published in : REICHHART, Fréderic ; LOMO MYAZHIOM, Aggée Célestin (dir.), *Handicap et société. Perspectives socio-anthropologiques en Haïti*, Editions des archives contemporaines, ISBN : 9782813004703, doi : 10.17184/eac.9782813004703

3 Kontèks ekonomik ensèsyon pwofesyonèl moun andikape yo an Ayiti

3.1 Yon reyalite ekonomik konplèks

Nan yon rapò ki sòti nan lane 2016, sou evalyasyon bezwen yo aprè pasaj siklòn Matye, Gouvènman aysisyen an itilize estatistik ke enstiti ayisyen estatistik ak enfomatik ki gen ti non fransè (IHSI) te pibliye nan lane 2012 pou fè konnen ke gen 8,2 milyon moun ki nan laj pou travay an Ayiti anviwon 75% nan popilasyon peyi a. Pami moun sa yo, gen 657 600 ki p ap travay, sa ki egal ak yon nivo chomaj 14,1%. Yon pati enpòtan nan travay yo konsantre nan agrikilti (47%), gen 45,1% nan travay sa yo ki nan sektè agrikòl enfomèl la[2]. Biwo entènasyonal travay la ki gen ti non fransè (BIT) konfime ke 40% ayisyen ap travay nan sektè agrikòl la. Anplis biwo sa a fè konnen ke nivo chomaj la pi wo nan mitan jèn ki gen pi piti pase 25 lane yo (57,5%). Pou fini biwo sa a endike ke « chomaj ak kalite travay ke yo konsidere kòm chomaj degize reprezante yon risk sosyo-ekonomik ki konstitye yon ijans imanitè » (BIT, 2015 :17). Nan Kontèks sa ayisyen yo vin nan obligasyon pou reyalize aktivite ekonomik ki ka pèmèt yo reponn ak bezwen jounalye yo. Nan sans sa a, yo obsève nan gwo vil yo, prensipalman nan sant vil Pòtoprens, « anpil ti komès ki pouse tankou zèb sovaj sou trotwa e nan mitan lari yo » (Sérant, 2009). Se sa yo rele aktivite ki kapap jenere revni ki gen ti non fransè (AGR)[3], yo pran plizyè fòm tankou komès manje, pwodui pou fè moun bèl, vann sigarèt, transpò moto, komès rad ak soulye e latriye. Aktivite sa yo pèmèt moun ki pa gen gwo mwayen asire otonomi finansye yo (MINIJUSTH, 2019).

Anplis, Ayiti se youn nan peyi ki pi pòv nan mond lan, anviwon 70% ayisyen ap viv nan povrete avèk 2 dola ameriken chak jou (AD'OOC, 2023) e 60% ayisyen p ap travay ou nan chomaj degize. Sektè enfomèl la okipe yon pati enpòtan nan ekonomi an, li absòbe 80% travay ki kreye ladan li (AD'OOC, 2023). Yo konsidere sektè enfomèl la tankou yon inite pwodiksyon ke Leta pa anrejistre osinon ki pa gen yon kontablite ki konfòm ak reglemantansyon fiskal ki etabli yo. Tout travay ki kreye nan inite pwodiksyon sa yo se travay enfomèl. Nan lane 2016, Gouvènman ayisyen an rapòte ke gen sèlman 7,9% travay ki kreye nan sektè fomèl la pami travay sa yo gen 4,5% ki kreye nan sektè piblik la ak 3,4% nan sektè prive a. Sepandan pa gen ankenn sistèm pwoteksyon sosyal nan sektè prive a. Nan sans sa a, majorite travay sa yo konsidere tankou travay enfomèl, sa ki ogmante pousantaj travay enfomèl yo a 93,7% (MAST, 2016). Aspilaire (2014), fè konnen se antrepriz ki pa peye chaj fiskal ak kotizasyon sosyal ki konpoze ekonomi enfòmèl la. Ekonomi sa a gen yon enpak pozitif sou nivo chomaj la men negatif sou pwodui enteryè brit la (PIB). Ekonomis lan eksplike ke nan lane 2008, ekonomi enfomèl la te konnen yon ogmantasyon 5% ki pwovoke ogmantasyon depans Leta yo, ogmantasyon enflasyon de plizyè pwen, bès konsiderab nivo chomaj la a 2%, ogmantasyon taks yo ak diminisyon PIB a 2%. Poutan nan lane 2009, PIB a te ogmante a 2,9% sa ki te antrene yon bès 2% nan ekonomi enfomèl la ak yon diminisyon enpòtan 5% nan nivo chomaj la. Nou konprann ke ekonomi enfomèl la

[2]Yo konsidere kòm enfomèl tout antrepriz prive ki pa gen patant e ki pa gen yon kontabilite ki konfòm ak reglemantasyon fiskal ke leta etabli yo.

[3]Akttivite ki kapab jenere revni se yon aktivite ekonomik kote yon moun ka pwodwi osinon vann yon byen ou yon sèvis ki pèmèt li rantre lajan nan lide pou li amelyore kondisyon lavi li.

Published in : REICHHART, Fréderic ; LOMO MYAZHIOM, Aggée Célestin (dir.), *Handicap et société. Perspectives socio-anthropologiques en Haïti*, Editions des archives contemporaines, ISBN : 9782813004703, doi : 10.17184/eac.9782813004703

se yon solisyon pasaje pou pwoblèm chomaj la men li gen yon enpak negatif sou lòt varyab nan ekonomi ayisyen sitou li pa pèmèt kreyasyon richès.

Ayiti konnen yon mank nan done estatik sou demografi, kèk ra done ki egziste yo pa aktyalize. Sa ki pouse aktè k ap travay nan domèn andikap yo e menm Gouvènman ayisyen an fè estimasyon espekilatif pou pale de sitiyasyon moun andikape yo (BSEIPH, 2013). Jis aprè tranblemantè 12 janvye 2010 la, Gouvènman ayisyen an te estime ke moun andikape yo se 1.100 000, sa vle di 1/7 popilasyon ayisyen an (Tataryn & Blanchet, 2012, 2). Nan lane 2018, Ayiti te prezante yon rapò inisyal devan komite dwa moun andikape yo ki te fè konnen ke moun andikape yo se 10% popilasyon ayisyen an poutan oganizasyon mondyal lasante ki gen ti non fransè (OMS) te estime ke moun andikape yo se 15% popilasyon ayisyen an yo ye (ONU, 2023). Yon lòt bò, resansman jeneral sou popilasyon ak abita ke (IHSI) te reyalize nan lane 2003 a endike ke gen 124 534 moun andikape an Ayiti. Pami moun sa yo gen 117 068 ki nan laj pou travay men se 22,5% ladan yo k ap travay, nan 22,5% sa a gen 19% k ap travay ak pwòp tèt yo (Almonord, 2006). Nan kontèks sa a, BSEIPH pibliye nan mwa septanm 2009 dokiman politik nasyonal moun andikape yo an Ayiti, nan dokiman sa a, entegrasyon moun andikape yo nan sistèm travay ak pwodiksyon se youn nan domèn priyoritè (MAST, 2009). Nan sans sa a, BSEIPH souvan fè konnen ke li ensere moun andikape sosyo ekonomikman nan bilan anyèl li yo prensipalman nan sa ki sòti nan lane 2012, 2013, 2014 ak 2017. Yon egzanp, pou lane 2012, BSEIPH rapòte ke gen 4 moun andikape ki te entegre yon antrepriz prive e 120 lòt benefisye finansman pou reyalize AGR. Nan menm ane sa a, BSEIPH fè konnen ke li siyen 2 akò : youn ak jèn chanm entènasyonal ki gen ti non fransè (JCI) pou pèmèt 158 moun andikape jwenn soutyen finansye e yon lòt ak chanm komès ak endistri an Ayiti nan objektif pou fasilite moun andikape yo jwenn aksè ak mache travay la (BSEIPH, 2012). Nan lane 2013, BSEIPH fè konnen ke gras ak salon pou anplwa moun andikape yo ki te fèt nan mwa septanm nan gen 10 moun andikape ki jwenn travay nan antrepriz prive ak piblik, gen 300 lòt ki resevwa sibvansyon pou reyalize AGR (HPN, 2013). N ap raple ke salon pou anplwa a se yon aktivite ke sèvis plasman BSEIPH la souvan reyalize pou fasilite moun andikape yo pran kontak ak patwon yo. Dènye salon pou anplwa ki te fèt nan mwa me 2021 an te reyini 22 antrepriz ak 196 moun andikape, te gen yon total 300 antrevi travay ki te reyalize (*Le Nouvelliste*, 2021). Nan lane 2014, BSEIPH rapòte ke li te pèmèt 6 moun andikape jwenn travay e li bay 231 lòt sibvansyon pou plizyè rezon tankou pou ranfòse AGR yo (BSEIPH, 2015). Pou fini, nan lane 2017, ONG andikap entènasyonal nan patenarya ak BSEIPH lanse yon pwojè ki rele « Sèvis pou moun andikape yo jwenn aksè ak anplwa enklizif ». Objektik pwojè sa a se pou konpanse pwoblèm ke moun andikape yo rankontre pou jwenn aksè ak fòmasyon pwofesyonèl e anplwa an Ayiti. Se Kowoperasyon Bèj pou devlopman ki finanse li pou yon montan 658 000 Ewo pandan 5 lane, pwojè sa a pèmèt 500 moun andikape ki abite Okap ayisyen ak nan zòn metwopolitèn Pòtoprens lan benefisye fòmasyon pwofesyonèl, anplwa ak sèvis finansye. Li te reyalize nan kolaborasyon avèk enstiti nasyonal fòmasyon pwofesyonèl ki gen ti non fransè (INFP), Fonkoze, Palmis ak Sant kore Lavi (BSEIPH, 2017). Nan sans sa a, BSEIPH ak anpil aktè k ap travay nan domèn andikap la ap mennen aksyon pou favorize ensèsyon sosyo-ekonomik moun andikape yo an Ayiti. Sepandan, nan rechèch nou yo, nou pa rive jwenn enfòmasyon

Published in : REICHHART, Fréderic ; LOMO MYAZHIOM, Aggée Célestin (dir.), *Handicap et société. Perspectives socio-anthropologiques en Haïti*, Editions des archives contemporaines, ISBN : 9782813004703, doi : 10.17184/eac.9782813004703

sou avni pwofesyonèl ak ekonomik moun ki benefisye pwojè sa yo ki jiskaprezan rete endisponib.

An menm tan plizyè rapò fè konnen ke moun andikape yo ap viv yon sitiyasyon ekonomik konplike. Pa egzanp, ankèt ke fondasyon entènasyonal pou rechèch sou andikap ki gen ti non fransè (FIRAH) kòmandite nan lane 2012 sou reprezantasyon ak evalyasyon andikap la[4] revele ke 61,6% moun andikape ke ankèt sa a konsène pa t ap travay. Li endike ke fanmi ki gen pou pi piti yon moun andikape yo fè pati fwaye ki pi pòv yo an Ayiti (FIRAH, 2012). Yon lòt kote, ankèt ke BSEIPH te lanse pou konplete lis enfòmasyon ministè afè sosyal ak travay la (SIMAST) ki te pèmèt yo anrejistre 53 783 moun andikape revele ke se sèlman 2,6% nan moun sa yo ki t ap travay. Nan yon rapò altènatif ki pibliye nan lane 2017, Rezo Asosyatif nasyonal pou entegrasyon moun andikape yo an Ayiti ki gen ti non fransè (RANIPH) rapòte ke moun andikape yo gen pwoblèm pou yo jwenn aksè ak sèvis piblik yo (sante, edikasyon, jistis elatriye.). Selon rapò sa a se yon ti kantite antrepriz nan kapital la tankou nan vil pwovens yo ki gen moun andikape k ap travay ladan yo. Nan kontèks sa a, RANIPH pataje dout ke lòt òganizasyon yo genyen sou aplikasyon mezi pou favorize anplwa moun andikape yo an Ayiti espesyalman sou respè kota 2% moun andikape a. Rapò sa a fè konnen tou ke moun andikape yo ap fè fas ak pwoblèm mank fòmasyon pwofesyonèl, aksesiblite batiman antrepriz yo ak transpò piblik la ki anpeche yo jui dwa yo genyen pou yo travay (RANIPH, 2017).

Se pou tèt sa BIT di se yon politik anplwa pou Leta mete sou pye. Malerezman, nan moman nou ap pale la a pa gen ankenn estrateji osinon politik anplwa an Ayiti (BIT, 2015).

4 Konklizyon

Depi ratifikasyon konvansyon Nasyon zini 2006 la, Ayiti ap mete pwogresivman sou pye yon kad legal ak enstitisyonèl sou ensèsyon pwofesyonèl moun andikape yo. BSEIPH ak aktè k ap travay nan domèn andikap la pa sispann poze aksyon pou pèmèt moun andikape yo jwenn aksè ak mache travay la osinon pou ensere yo sosyo ekonomikman. Poutan, rapò ke asosyasyon ak òganizsyon k ap travay nan sektè andikap yo pibliye revele ke moun andikape yo ap viv yon sitiyasyon ekonomik konplike an Ayiti. Sa montre ke gen yon separasyon ant dispozitif ki egziste yo, aksyon y ap mennen e reyalite sosyo pwofesyonèl moun andikape yo. Nan kontèks sa a, enplemantasyon kad legal ak enstitisyonèl sou ensèsyon pwofesyonèl moun andikape yo an Ayiti sanble pa sifi pou pèmèt yo jui dwa yo genyen pou travay.

Nan yon tantativ pou eksplike mank efikasite aksyon ki ap mennen nan sektè andikap la, Reichhart et Lomo Myazhiom (2019) poze kesyon sou divizyon kad enstitisyonèl andikap ayisyen an ak mank kolaborasyon ki genyen ant sektè prive ak piblik : « pwojè ak aksyon yo fèt nan sèk fèmen san yo pa pran an kont lòt pwojè k ap fèt nan peyi a ki sanble ak yo osinon ki konplete yo », Sa ki tradui yon pwoblèm « kowòdinasyon ak planifikasyon global aksyon sa yo » (Reichhart et Lomo Myazhiom, 2019,445). Nan

[4] Ankèt sa a reyalize bò kote 665 fanmi nan 5 komin nan depatman Lwès la (Kafou, Petyon Vil, Dèlma, Taba ak Pòtoprens)

Published in : REICHHART, Fréderic ; LOMO MYAZHIOM, Aggée Célestin (dir.), *Handicap et société. Perspectives socio-anthropologiques en Haïti*, Editions des archives contemporaines, ISBN : 9782813004703, doi : 10.17184/eac.9782813004703

sans sa, otè yo afime ke malgre tout lwa Ayiti genyen ki baze sou nòm entènasyonal Nazyon zini yo, yo konstate ke sou tèren an aplikasyon lwa sa yo pa ateri, sa vle di ke yo pa vrèman gen enpak sou reyalite ke moun andikape yo ap viv chak jou » (Reichhart et Lomo Myazhiom, 2019, 446).

Bibliyografi

Adrien (2011). Les ONG en question (Première partie). Consulté le 24 décembre 2023 sur https://lenouvelliste.com/article/88002/les-ong-en-question-premiere-partie

Almonord, Jean Sergo (2006). *Situation socio-économique des personnes handicapées*. Institut haïtien de Statistiques et d'Informatiques (IHSI), 56 pages.

Aspilaire, Roseman (2014). « L'économie informelle en Haïti : Un impact contracyclique sur le PIB ? ». *Mondes en développement*, 166, pp. 101-112.

Blanchet, Karl ; Tararyn, Myroslava (2012). « L'aide aux personnes handicapées en Haïti ». *Revue humanitaire enjeux et pratiques*, 32.

Blanc, Alain (2021). *Handicap, travail et action publique*. Presses universitaires de Grenoble (PUG).

Brus Aude et Danquah Lisa (2012). L'évaluation et la représentation du handicap en Haïti. FIRAH, Direction des Ressources Techniques, Handicap International, International Centre for Evidence in Disability et London School of Hygiene and Tropical Medicine, 132 pages.

Bureau international du travail (2015). *Programme pays pour le travail décent en Haïti* 2015-2020.

Damus, OBrillant. (2019). « Solidarité et handicap en Haïti ». *Alternativas. Cuadernos de Trabajo Social*, 26. pp 1-20

Coalition RANIPH Sud (2017). *Rapport alternatif sur la mise en œuvre de la convention des Nations unies relatives aux droits des personnes handicapées.*

Le Moniteur (Mai, 2012). *La loi portant sur l'intégration des personnes handicapées en Haïti (LIPH).*

MAST et SEIPH (2009). *Politique Nationale du Handicap, Les grandes Orientations*. Haïti, Presses Nationales d'Haïti, 216 pages.

Ministère des Affaires sociales et du Travail (2016). Évaluation des besoins post cyclone MATHIEU secteur emploi et moyen de subsistance.

Reichhart, F., Lomo Myaziom, A, C. (2019), in Marcelline Djeumeni Tchamabe, Emmanuelle Voulgre, Dominique Groux, Sandrine Nyebe Atangana, *Quelle école pour demain ? Enjeux, priorités et défis*, « Analyse socio politique du handicap en Haïti, entre paysage légal, institutionnel et réalités sociales », Paris, L'Harmattan, p. 441-448

Reichhart, F., Saint-Pierre, C, H. (2020), in Frédéric Reichhart, Aggée Lomo, Rachedi Zineb, Michel Mercier, *Au carrefour de l'altérité, Pratiques et représentations du handicap dans l'espace francophone*, « Les organisations des personnes handicapées (OPH) en Haïti. État des lieux et analyse des OPH des Gonaïves », Presses universitaires de Namur, p. 207-222.

Revillard, Anne (2019). *Handicap et travail*. Les Presses de Sciences Po.

Sitographie

Banque mondiale (2021). Vers une plus grande inclusion des personnes handicapées en Haïti. Consulté le 22 octobre novembre 2022 sur sur https://www.banquemondiale.org/fr/news/feature/2021/12/17/greater-inclusion-necessary-for-haitians-living-with-a-disability\#:\textasciitilde:text=Selon\%20les\%20donn\%C3\%A9es\%20recueillies\%2C\%20les,et\%2027\%20\%25\%20des\%20personnes\%20interview\%C3\%A9es

BSEIPH. (2102, 3). Vote de la loi sur l'intégration des personnes handicapées. Consulté le 10 février 2022 sur http://www.seiph.gouv.ht/vote-de-la-loi-sur-l\%E2\%80\%99integration-des-personnes-handicapees/

BSEIPH (2013). Estimations spéculatives sur la population des personnes handicapées. Consulté sur http://www.seiph.gouv.ht/estimation-speculative-sur-la-population-des-personnes-handicapees-en-haiti/

BSEIPH. (2014, 8). Un nouveau service au profit des personnes handicapées. Consulté le 10 février 2022 sur http://www.seiph.gouv.ht/un-nouveau-service-au-profit-des-personnes-handicapees/

Published in : REICHHART, Fréderic ; LOMO MYAZHIOM, Aggée Célestin (dir.), *Handicap et société. Perspectives socio-anthropologiques en Haïti*, Editions des archives contemporaines, ISBN : 9782813004703, doi : 10.17184/eac.9782813004703

BSEIPH. (2015, 11). Bilan satisfaisant pour le BSEIPH. Consulté le 10 février 2022 sur http://www.seiph.gouv.ht/bilan-satisfaisant-du-bseiph-pour-lexercice-fiscal-2014-2015/

Mission des Nations Unies pour l'Appui à la Justice en Haïti (2016). Travay se libète : un projet pour les jeunes des quartiers défavorisés de Port-au-Prince. Consulté sur https://minujusth.unmissions.org/travay-se-lib\%C3\%A8te-un-projet-de-formation-pour-les-jeunes-des-quartiers-d\%C3\%A9favoris\%C3\%A9s-de-port-au-prince

Le Nouvelliste (2007). L'école St Vincent un cadeau du ciel https://lenouvelliste.com/article/42058/lecole-st-vincent-un-cadeau-du-ciel

Le Nouvelliste (2021). Une première réussie pour le salon de l'emploi des personnes handicapées. Consulté sur https://lenouvelliste.com/article/229970/une-premiere-reussie-pour-le-salon-de-lemploi-pour-les-personnes-handicapees

Nations Unies – Personnes Handicapées (Département des affaires économiques et sociales). Texte intégral de la convention relative aux droits des personnes handicapées. Consulté le 12 décembre 2022 sur https://www.un.org/development/desa/disabilities-fr/la-convention-en-bref-2/texte-integral-de-la-convention-relative-aux-droits-des-personnes-handicapees-13.html

Sérant, Claude Bernard (2009). Le petit commerce, comme des herbes folles. Le Nouvelliste. Consulté le 24 décembre 2023 sur https://lenouvelliste.com/article/66028/le-petit-commerce-comme-des-herbes-folles

Published in : REICHHART, Fréderic ; LOMO MYAZHIOM, Aggée Célestin (dir.), *Handicap et société. Perspectives socio-anthropologiques en Haïti*, Editions des archives contemporaines, ISBN : 9782813004703, doi : 10.17184/eac.9782813004703